

# KONEKSYON

Yon bilten enfòmasyon pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

OUT 2017

VOLIM 9, NIMEWO 34

SA KI LADAN:

- Aplikasyon Mobil
- Dadeschools

- Dejne Lekòl

- Bon Obligasyon Jeneral

BON RETOU LEKÒL! 'PAKE ENFÒMASYON SOU OUVETI LEKÒL LA' SOU ENTÈNÈT KOUNYE A



Vizite <http://toolkit.dadeschools.net/creole.asp> pou w ka ouvri li.

## INOVASYON AK EKITE MOTIVE NOUVO PWOGGRAM, INISYATIV YO

### Plis pase 950 pwogram chwa.

Elèv ak anplwaye M-DCPS yo pral kòmanse ane lekòl 2017-2018 la avèk yon kantite pwogram ki nouvo e solid n ap devlope sou objektif Distri a ki se ofri inovasyon, rijdite akademik nan salklas e ogmante aksè elèv, ansanm ak ogmante efikasite nan fonksyonman nou. Nou kreye oubyen amelyore senkant-senk



Kèk nan nouvo opsyon chwa lekòl pou elèv nou yo.

nouvo pwogram chwa/magnet ak 27 inisyativ pou 2017-2018. Nouvo kou sa yo pote total pwogram chwa

yo a plis pase 950. Pou plis enfòmasyon, vizite <http://news.dadeschools.net/cmnc/new/26144>.

### DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

21 out – Pemye jou Lekòl  
4 septanm – Fèt Travay (Labor Day)  
21 septanm – Jou pou Pwofese Fè Planifikasyon

### REYINYON KOMISYON KONSEY LEKÒL

### 6 SEPTANM 11è dimaten Reyinyon Regilye

6è diswa  
Dezyèm Odyans sou  
Bidjè Piblik e Adopsyon  
Bidjè Final 2017-2018  
sou Taks sou Pwopriyete  
ak Bidjè Anyèl,  
Apwobasyon Rapò  
Finansye Anyèl 2016-2017, ak Apwobasyon  
Rezolisyon Bidjè Final  
2016-2017 YO.

### 11 OKTÒB 11è dimaten Reyinyon Regilye

## "IATTEND" (MWEN ALE NAN M-DCPS



## Siksè lekòl mache men nan men avèk bon prezans nan lekòl.

Èske w te konnen, ale lekòl chak jou se faktè k pi senp, men ki pi enpòtan ki kontribye nan siksè akademik yon timoun?

Kisa ou ka fè?

- Etabli yon lè regilye pou timoun yo al kouche e pou yo leve nan maten.
- Entwodui ptit ou a bay pwofesè ak kondisip li.
- Devlope plan ijans pou w ka rive lekòl la si gen yon pwoblèm ki rive. Rele yon manm fanmi, vwazen, oubyen yon lòt paran.
- Pwograme randevou medikal lè lekòl pap fonksyone.

Èske w telechaje *Aplikasyon Mobil Dadeschools* la? Chak jou, gen plis paran ak élèv toujou k ap itilize aplikasyon mobil la pou yo ka konnen sa k ap pase nan lekòl yo. Dènye vèsyon aplikasyon mobil la disponib pou telechaje GRATIS pou 'iPhone' atravè 'Apple App store' e pou aparèy 'Android' atravè 'Google Play store'.

*Aplikasyon Mobil Dadeschools* la gen ladan orè klas élèv yo ak enfòmasyon sou wout otobis yo; nòt élèv; enfòmasyon sou kanè élèv; yon lis tout lekòl leta Miami-Dade selon kalite lekòl yo; enfòmasyon sou lekòl

### Plis pase 350,000 moun deja telechaje aplikasyon mobil Dadeschools.net la.

ki gen ladan sit Entènèt, foto, adres ak nimewo telefòn, enskripsiyon, koulè chak lekòl; direksyon pou kondui; abilite pou resevwa notifikasyon ki soti nan M-DCPS; ak enfòmasyon konsènan "Foundation for New Education Initiatives, Inc. (FNEI)".

Antre nan aplikasyon mobil lekòl ptit ou a atravè yon senbòl pèsonalize pou lekòl la sou *Aplikasyon Mobil Dadeschools* la. Aplikasyon

lekòl la gen ladan fonksyon sa yo: enfòmasyon sou lekòl la; kalandriye; enfòmasyon sou anplwaye yo; medya sosyal; mesaj otomatik; vidéo; mesaj Direktè a; lyen; abilite pou kontakte lekòl la atravè telefòn ak mesaj elektwonik; direksyon pou kondui; ak yon lyen sit Entènèt lekòl la. Nou ap ajoute plis fonksyon nan mwa ki ap vini yo.

Paran ka antre nan *Aplikasyon Mobil Dadeschools* la nan itilize non itilizatè ak modpas Pòtal Paran yo a. rete enfòme, rete konekte, rete ajou sou enfòmasyon nou.

Abitid manje repa ki bon pou lasante se yon pati anpòtan nan kwasans ak devlopman yon timoun. Timoun yo itilize imajinasyon yo pou yo anbake nan anpil eksperyans e pou yo fè sa, yo bezwen 'gaz' k ap ba yo enèji nan maten. Gen etid ki montre timoun reyalize pi gwo akonplisman akademik ak sosyal lè yo pran dejne. Ankouraje bon abitid pou pran dejne nan lavi asire bon abitid manje pou lavi.

Dejne GRATIS pou tout élèv nan lekòl leta Miami-Dade yo chak jou lekòl. Lekòl elementè yo ofri dejne a 7:30 dimaten pou 8:15 dimaten, lekòl mwayen a 8:00 dimaten pou 8:45 dimaten, e lekòl segondè a 6:30 dimaten pou 7:15 dimaten. Kòmanse 21 out – 26 oktòb, tout élèv ki manje dejne nan lekòl yo chak jou nan semèn nan ap patisipe nan Konkou "Gran Prim Amazòn" nan pou yo ka elijib pou ranpòte yon kat kado \$25.

## REPA KI PI ENPÒTAN NAN JOUNEN AN



## APLIKASYON MOBIL DADESCHOOLS... RETE ENFÒME E KONEKTE



Telechaje li GRATIS sou 'App store' oubyen 'Google Play'

## DOLA W METE NAN GOB YO AP TRAVAY

# Nouvo lekòl ak renovasyon yo posib gras ak Bon Obligasyon Jeneral (GOB) a.

Aprè kontantman abityèl kòmansman yon nouvo ane lekòl, elèv, anplwaye, ak kominote a ka atann yo a ouvèti anpil nouvo etablisman pandan ane lekòl 2017-2018 la. Gen divès pwojè moun t ap tann anpil ki nan faz final yo e ki pral ofri elèv anviwònman aprantisaj ki gen sekirite, ki konfòtab pou ede yo jwenn siksè nan etid yo.



Nan zòn santral Miami-Dade County, gen yon Lekòl Elevantè Frederick Douglas ki konplètman nouvo, yon envestisman \$9.7 milyon, te ouvè pòt li ansanm ak rès lekòl Miami-Dade yo 21 out. Nan pwent nò distri a, nouvo Lekòl Elevantè Bunche Park la reprezante yon envestisman \$10.2 milyon nan kominote a. Nan zòn lwès la, nan Doral, nouvo

Akademi Preparatwa Dtè. Toni Bilbao a pral ofri 750 plas pou elèv nan plis pase 40 espas pou aprantisaj, ki gen ladan laboratwa ar, mizik ak lekti/redaksyon, ansanm ak sant medya ki ranpli ak resous. Twa etablisman sa yo se kèk nan pwojè renovasyon ak ranplasman GOB a rann posib.

## YON KOUDÈY ANNDAN PWOGRAM M-DCPS YO



Fè yon "#iNsideLook" (Koudèy Anndan) Akademi Ansèymen Andrea Castillo ki nan Lekòl Segondè Ronald W. Reagan, yon sant aprantisaj, kote n ap fòme nouvo jenerasyon moun k ap panse yo. Pou wè videoyo sa a, vizite <https://www.youtube.com/watch?v=gw1awGsTsRo>.

## DÈNYE ENFÒMASYON SOU GOB



## #GOBProgress

Depi yo te fin apwouve bon obligasyon an nan ane 2012, gen plis pase \$600 milyon ki envesti nan lekòl nou yo, avèk pwojè ki fini alè, e anndan bidjè a. Nan M-DCPS, n ap batî lekòl, ranfose kominote, e kreye opòtinite. Pou plis enfòmasyon, vizite [www.gobprogress.com](http://www.gobprogress.com).

## KONSEY SOU ENTÈNÈT POU PARAN:

Chèche "e-Tips" (Konsèy sou Entènèt) nou yo, yon resous edikasyonèl pou ede paran sipòte ptit yo, nan espas sa a apati mwa septanm.



[www.dadeschools.net](http://www.dadeschools.net)

## MEDYA SOSYAL



@MDCPS  
@MiamiSup



MiamiSchools  
AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools  
@MiamiSup



MiamiSchools

Rete konekte avek Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyón Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Doktè Lawrence S. Feldman, Chèmann  
Doktè Marta Pérez, Vis Chèmann  
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall  
Susie V. Castillo  
Doktè Steve Gallon III  
Perla Tabares Hantman  
Doktè Martin Karp  
Lubby Navarro

Mari Tere Rojas

Alberto M. Carvalho  
Sipètentandan Lekòl yo  
  
Bryce Febres  
Konseye Elèv nan Komisyón Konsèy Lekòl la

Se Biwo Kominikasyon ki Pwodui Biltén sa a

Daisy Gonzalez-Diego  
Ofisiye Anchèf Kominikasyon